



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-411

Sijè: SIPÒTE ELÈV KI KI GEN PWOBLÈM KONPÒTMAN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 25 jiyè 2024

REZIME CHANJMAN YO:

Règleman sa a ranplase A-411 ki gen dat 21 me 2015 la.

Yo reòganize lòd jeneral règleman an pou plis presizyon ak pou ede ou konprann li pi byen.

Yo bay règleman sa a yon lòt non pou konsantre sou elèv yo olye pou yo kontakte 911.

Yo fè modifikasyon nan kontni règleman an nan fason sa yo:

Seksyon I

- Yo ajoute entwodiksyon.
- Li klarifye ke règleman an tabli règleman ak pwosedi Depatman Edikasyon an konsènan prevansyon, entèkansyon ak rezolisyon lè elèv yo gen pwoblèm konpòtman. (I.A.)
- Li ajoute objektif entèkansyon pou pwoblèm lan ki se sipòte elèv la ki gen pwoblèm lan oswa ki riske pou gen pwoblèm lan lè yo ede elimine konpòtman an. (I.B.)
- Li klarifye lekòl yo dwe, ki konsistan avèk règleman sa a ak Plan Entèkansyon nan pwoblèm lekòl la, sèvi ak tout teknik ak entèkansyon ki apwopriye ak sennesof pou ede elèv ki gen pwoblèm konpòtman. (I.C.)
- Li defini tèm paran, manm estaf lekòl la, ak estaf ki pa manm DOE pou objektif règleman sa a. (I.D., I.E.)
- Li ajoute hyperlink nan resous sipò pou pwoblèm (I.F.)
- Li eksplike ke nan objektif règleman sa a, teknik pou solisyon yo itilize yo itilize ta dwe bon jan estrateji sou chòk, estrateji ak entèkansyon ki reponn onivo kiltirèl ki pa gen ladan entèkansyon fizik oswa menas vèbal. (I.G.)

Seksyon II

- Li ajoute detay sou fondasyon ak responsablite Ekip Entèkansyon kriz nan lekòl la. (II.B., II.C., II.D.)
- Li egzije yo dwe ranpli pozisyon Lidè Ekip kriz yo aplentan. (II.C.)
- Li klarifye kondisyon pou Ekip Entèkansyon Kriz la satisfè omwen yon fwa pa mwa pou evalye preparasyon, revize pwosedi, resous, ak fòmasyon, epi evalye bezwen pou sipò kontini kote yon kriz mande yon repons imydyà. (II.E.)
- Li fè referans nan tout [Chancellor's Regulation A-755](#) pou lòt responsablite Ekip entèkansyon kriz la (II.F.)

Seksyon III

- Li klarifye Ekip Entèvansyon Kriz yo dwe gen ladan yon seksyon ki gen yon Plan pou diminye pwoblèm konpòtman (Behavioral Crisis De-escalation Plan), epi li fè referans ak [Chancellor's Regulation A-755](#) pou detay nan lòt seksyon Plan entèvansyon kriz la. (III.A.)
- Li ajoute ke Plan Entèvansyon Kriz yo dwe gen ladan estrateji pou jesyon konpòtman ki fèt pou minimize sitiyoasyon kriz ak redui kriz konpòtman yo. (III.A.1.)
- Li retire langaj sou izolasyon elèv ki gen pwoblèm konpòtman. (III.A.3.)

Seksyon IV

- Li ajoute seksyon konsènan restriksyon sou kontrent ak lòt entèvansyon dapre règleman eta a. (IV.)
- Li klarifye manm estaf lekòl ak estaf ki pa manm DOE **pa ka** itilize pinisyon kòporèl, entèvansyon ki bagy dgou, kontrent mekanik, oswa izòlman kont elèv. (IV.A.)
- Li defini pinisyon kòporèl, entèvansyon ki bay degou, kontrent mekanik, ak izòlman. (IV.A.1-4.)
- Li klarifye manm estaf lekòl pa ka itilize kontrent fizik, epi li ajoute restriksyon manm estaf ki pa manm DOE k ap travay nan lekòl yo pa ka itilize kontrent fizik sofsi yo te resevwa bon jan fòmasyon epi sèlman lè lòt entèvansyon ki pa fè restriksyon ak entran ananm ak teknik pou diminye pa ta ka anpeche danje iminan oswa danje fizik grav pou elèv la oswa lòt moun; epi pa gen okenn kontradiksyon medikal pou itilize li sou elèv la, k ap gen rapò ak règleman eta a. (IV.B.)

Seksyon V

- Li klarifye li obligatwa pou gen oryantasyon chak ane pou tout estaf lekòl la, tankou prezantasyon regleman ak pwosedi ki tabli nan Règleman sa a ak nan Plan pou diminye pwoblèm konpòtman nan lekòl la. (V.A.)
- Li ajoute manm Ekip Entèvansyon Kriz yo dwe resevwa fòmasyon pwofesyonèl kontinyèl sou sijè ki gen rapò ak kriz ki gen ladan, men pa limite a, pwomosyon byennèt elèv ak prevansyon ak rediksyon pwoblèm konpòtman. (V.D.)

Seksyon VI

- Li klarifye kondisyon pou itilize estrateji pou rediksyon ak entèvansyon ki dekri nan Plan Entèvansyon Kriz lekòl la. (VI.A.)
- Li ajoute etap pwofesè salklas yo, direktè/reprezantan yo, ak manm Ekip Kriz lekòl la dwe pran lè yon elèv gen pwoblèm konpòtman pwofesè salklas la pa ka diminye san danje. (VI.B–F.)
- Li klarifye direktè/reprezantan an dwe kontakte paran an epi, si yo pa ka jwenn paran an, notifiye kontak ijans elèv la idantifye sou kat kontak ijans la. (VI.D.)
- Li egzije, lè yo diminye yon pwoblèm konpòtman ak siksè, yo dwe avize paran elèv yo, epi yo ta dwe fè elèv yo retounen nan klas imedyatman. (VI.F.)
- Li tabli kondisyon pou yo fè efò ki dwe fèt avan yo kontakte 911 nan ka yon pwoblèm konpòtman epi direktè a/reprezantan an pran desizyon pou konnen si yo ta dwe rele 911. (VI.G.)

- Li klarifye nan okenn sikonstans yo pa ka rele 911 oswa itilize l kòm yon repons nan konpòtman yon elèv, ni yo pa ka itilize li nan plas, oswa kòm yon altènativ pou estrateji pou diminye, kote yo ka itilize estrateji ak resous sa yo san danje pou rezoud kriz la jan sa endike pi wo a. (VI.H.)
- Li klarifye manm estaf lekòl la ka pa itilize menas pou rele 911 oswa EMS pou kòmande oswa fè presyon sou yon paran pou retire pitit yo lekòl. (VI.I.)

Seksyon VII

- Li ajoute kondisyon an, si yo rele 911, direktè/reprezantan an dwe notifye paran an imedyatman epi, si yo pa ka jwenn paran an, yo dwe notifye kontak nan ka ijans pou elèv la. (VII.A.)
- Li klarifye pwosedi yo dwe swiv pwosedi si yo pa ka jwenn paran an epi yo rele 911 paske yo pa ta ka diminye yon pwoblèm konpòtman san danje, epi yo bezwen asistans. (VII.D.)
- Li egzije si yo detèmine ke elèv la pa bezwen tretman ijans ak/oswa transpò epi konpòtman an diminye, ofisyèl lekòl la ak paran an dwe chita pale sou etap pou fè suivi ki apwopriye ki endike pi ba a. (VII.E.)
- Li klarifye manm estaf lekòl la pa ka kòmande oswa fè presyon sou yon paran pou retire pitit yo lekòl. (VII.E.)

Seksyon VIII

- Li klarifye elèv la dwe kontinye resevwa enstriksyon apwopriye epi yon lèt otorizasyon sante mantal oswa yo pa ka enpoze lòt kondisyon kòm yon kondisyon pou yon elèv ale oswa retounen lekòl. (VIII.A.)
- Li klarifye yo dwe pran etap yo apre yon kriz konpòtman epi site entèvansyon posib pou elèv la. (VIII.B.)

Seksyon IX

- Li ajoute detay sou kondisyon pou fè rapò apre yon pwoblèm konpòtman. (IX.A–D.)

Seksyon X

- Li modifiye enfòmasyon sou moun pou kontakte pou jwenn enfòmasyon.

Nimewo: **A-411**

Sijè: **SIPÒTE ELÈV KI GEN PWOBLEM KONPÒTMAN**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **25 jiyè 2024**

REZIME

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye A-411 ki gen dat 15 me 2015. Li mete ajou règleman ak pwosedi konsènan sipò elèv k ap fè eksperyans pwoblèm konpòtman, tankou asire yo pa kontakte 911 sòfsi yo te eseye tout entèvansyon apwopriye pou diminye pwoblèm lan.

I. ENTWODIKSYON¹

- A. Règleman sa a tabli règleman ak pwosedi DOE konsènan prevansyon, entèvansyon ak diminisyon lè elèv ap fè eksperyans pwoblèm konpòtman.
- B. Objektif entèvansyon kriz la se pou sipòte yon elèv ki nan kriz oswa ki riske pou yo fè yon kriz lè w ede nan anpeche ak diminye konpòtman an. Lè yon elèv gen konpòtman ki reprezante yon ris konsiderab pou domaj ki grav pou elèv la oswa pou lòt moun, lekòl yo dwe detèmine mwayen apwopriye pou rezoud konpòtman an epi konsidere si manm estaf lekòl la ka diminye sitiyoasyon an san danje jan yo tabli I pi ba a.
- C. Lè efò pou diminisyon an konsistan avèk Règleman sa a ak Plan pou diminye Kriz lekòl la pa reyisi, epi timoun nan kontinye reprezante yon gwo risk pou elèv la oswa lòt moun blese grav, direktè/reprezantan an ap detèmine si yo ta dwe rele 911.
- D. Pou rezon règleman sa a, tèm paran an vle di paran oswa responsab elèv la oswa yon moun nan nenpòt relasyon paran oswa responsab ak elèv la, oswa nenpòt moun paran an deziyen pou aji nan plas paran oswa yon lòt fason nan [Chancellor's Regulation A-101](#).
- E. Pou rezon règleman sa a, tèm estaf lekòl la gen ladan tout manm estaf la, tankou ki pa p anseye, men li pa gen ajan sekirite lekòl (School Safety Agents, SSA) oswa manm estaf NYPD. Manm estaf ki pa DOE yo refere ak òganizasyon kominotè, klinik sante ki nan lekòl oswa klinik sante mantal ak Ajan Sekirite Lekòl yo voye travay nan yon lekòl.
- F. Yo ka jwenn resous sa yo nan [Crisis Support \(nyced.org\)](#).

¹ Règleman ak pwosedi pou kontakte 911 pou sèvis medikal ijan oswa pou yon pwoblèm medikal, yo nan [Chancellor's Regulation A-412](#).

G. Pou objektif règleman sa a, teknik rezolisyon yo itilize yo itilize ta dwe enfòmè sou chòk, estrateji ak entèvansyon kiltirèl ki reponn ki pa gen ladan entèvansyon fizik oswa menas vèbal.

II. EKIP POU KRIZ LEKÒL

A. Repons efikas pou kriz mande pou ksyon rapid epi kowòdone, kite liy pou kominike yo disponib, ak etabli patenarya pou satisfè bezwen emosyonèl moun ki afekte pati yo.

B. Chak direktè lekòl dwe etabli yon ekip pou entèvansyon kriz nan lekòl (“Ekip pou Kriz”). Ekip pou Kriz la se yon ekip miltidisciplinè. Manm ekip yo dwe travay apentan nan lekòl la epi yo dwe gen ladan, omwen, yon administratè lekòl, konseye lekòl ak/oswa travayè sosyal, pwofesè, espesyalis pou Prevansyon ak Entèvansyon izaj dwòg/alkòl (Substance Abuse Prevention and Intervention Specialists, SAPIS), enfimyè lekòl la, ak/oswa Founisè Sante Mantal nan Lekòl la (School Based Mental Health Providers, SBMHP) si lekòl la gen estaf nan pozisyon sa yo.

C. Ekip Kriz la dwe genyen yon Lidè Ekip Kriz ak lòt wòl jan sa endike nan Plan Lekòl Global ak Devlopman Jènn. Yon moun ka okipe plizyè wòl eksepte Lidè ekip Kriz la. Si yon manm nan Ekip pou Kriz la kite lekòl la oswa li pa kapab ranpli responsablite yo, direktè a/reprezantan an dwe idantifye yon manm ranplasan.

D. Responsablite prensipal Ekip pou Kriz la se: evalye ak adrese bezwen emosyonèl elèv yo, estaf, ak kominote lekòl la pandan ak apre yon kriz; jwenn aksè nan sipò ak entèvansyon pou moun ki afekte yo; bay sipò de-eskalasyon; ankouraje restorasyon anviwònman aprantisaj la; idantifye resous lekòl la ak kominote a pou sipòte elèv yo, estaf yo ak paran yo (pa egzanp: lopital, ekip mobil kriz, ajans sante mantal, klinik sante mantal ki nan lekòl la, pèsonèl ki resevwa fòmasyon nan de-eskazyon kriz, etablisman ki fè evalyasyon sante mantal ijan/menm jou a); devlope epi aplike estrateji pou prevansyon; epi fasilite epi bay devlopman pwofesyonèl.

E. Ekip pou Kriz la dwe rankontre omwen yon fwa pa mwa epi jan sa nesèsè pou preparasyon, revize pwosedi, resous, ak fè fòmasyon, epi evalye nesèsite pou sipò kontinye kote yon kriz mande yon repons kontinyèl. Yo dwe kenbe yon ajanda ak prezans pou reyinyon sa yo nan dosye.

F. Lòt responsablite anplis Ekip Kriz yo tabli nan [Chancellor’s Regulation A-755](#).

III. PLAN ENTÈVANSYON NAN SITIYASYON KRIZ

A. Ekip kriz chak lekòl dwe mete anplas yon Plan entèvansyon pou Kriz ki gen yon seksyon k ap defini yon Plan pou diminye Kriz konpòtman kòm yon pati nan Plan Lekòl Global ak Devlopman Jènn. Gade [Regleman Chanselye A-755](#) pou yon deskripsyon lòt seksyon yo dwe mete nan Plan Entèvansyon Kriz la. Seksyon Plan pou diminye Kriz konpòtman an dwe:

1. gen ladan estrateji pou jesyon konpòtman ki fèt pou minimize sitiyasyon kriz ak diminye kriz konpòtman yo.
2. idantifye lokal nan bilding lekòl la pou itilize kòm lokal ki gen sekirite pou elèv ki gen kriz.
3. idantifye tout estaf lekòl la ki resevwa trening pou aprann teknik pou metrize sitiyasyon sa yo.
4. idantifye resous ak sèvis ki disponib nan kominote ak lekòl (paegzanp klinik sante mantal, ekip mobil pou sitiyasyon kriz, liy telefòn, enstalasyon ki bay evalyasyon sante mantal ijan/chak jou).
5. dekri jan yo fè estaf lekòl la konnen pwotokòl pou metriz ak aksyon nan sitiyasyon kriz.

IV. RESTRIKSYON SOU KONTRENT AK LÒT ENTÈVANSYON

A. Manm estaf lekòl la ak estaf ki pa DOE k ap travay nan lekòl yo pa ka sèvi itilize okenn nan bagay sa yo kont yon elèv: pinisyon kòporèl, entèvansyon prevantif, kontrent mekanik, oswa izòlman, jan sa defini pi ba a.

1. Pinisyon kòporèl ([gade Chancellor's Regulation A-420](#)).
2. Entèvansyon abizif vle di yon entèvansyon ki fèt pou pwovoke doulè oswa malèz nan entansyon pou elimine oswa diminye konpòtman elèv la epi ki gen ladan, men pa limite ak sa sèlman, itilizasyon boutèy aspèsyon (spray), inalan, ki pa bon pou sante l, oswa ki fè mal, oswa gen move gou oswa aktivite ki fè mal, ki fè mal, pèsistan, oswa pwogram manje kontenjan (tankou refi oswa reta nan manje oswa chanje manje oswa bwason pou fè li gen vye gou).
3. Restriksyon mekanik refere a nenpòt aparèy ki itilize pou mete restriksyon sou libète mouvman yon elèv, men li pa gen ladan yon pwofesyonèl medikal oswa sèvis ki gen rapò apwopriye ki te preskri aparèy la, tankou aparèy adaptasyon oswa sipò mekanik, kontrent machin sekirite, kontrent pou rezon medikal, oswa aparèy òtopedik preskri.
4. Izòlman vle di mete yon elèv nan yon prizon envolontè nan yon chanm oswa yon espas fizik kote yo anpeche li soti.
 - a) Izòlman pa gen ladan tan mò oswa tan w fini.

- (1) Timeout vle di separasyon kontwole yon elèv nan yon anviwònman ki pa fèmen epi yo aplike li nan entansyon pou diminye kriz ak reprann kontwòl. Yo ka itilize Timeout sèlman lè entèvansyon ki gen mwens restriksyon pa ta anpeche danje iminan pou elèv la oswa lòt moun gen gwo danje fizik epi pa gen okenn kontradiksyon medikal pou itilize li epi yo fòme manm estaf lekòl la sou itilizasyon li.
- (2) Yon timeout ka fèt sèlman nan yon espas sennesòf, ki pa fèmen ki ka ouvè pa anndan an; yo dwe kontwole vizyèlman toutan ak tandè son epi li pa dwe gen objè ki ta ka mete lavi elèv la andanje.
- (3) Timeout la dwe fini pi vit posib lè kriz elèv la diminye san danje, li repran kontwòl epi y ap prepare li pou satisfè atant yo.
- (4) Izòlman oswa timeout pa gen ladan yon tan repo elèv la inisye oswa mande oswa itilizasyon yon chanm oswa espas ki genyen zouti oswa aktivite pou siviv oswa itilizasyon entèvansyon ki konsistan avèk plan entèvansyon konpòtman pou yon elèv ki gen andikap.

B. Manm estaf lekòl k ap travay nan lekòl yo pa ka itilize kontrent fizik. Estaf ki pa DOE k ap travay nan lekòl yo pa ka itilize kontrent fizik sofsi yo resevwa fòmasyon apwopriye pou itilize kontrent fizik, epi yo ka itilize kontrent fizik sèlman lè:

1. Lòt entèvansyon ki gen mwens restriksyon ak pèsistan ak teknik diminisyon pa ta ka anpeche danje iminan fizik grav pou elèv la oswa lòt moun; epi pa gen okenn kontradiksyon medikal pou itilize li sou elèv la.
2. Restriksyon fizik refere a yon restriksyon pèsònèl ki immobilize oswa diminye kapasite yon elèv pou deplase manm yo, tèt, oswa kò yo san pwoblèm, men li pa gen ladan yon eskòt fizik oswa yon kontak fizik kout pou ankouraje sekirite elèv, kalme yon elèv, oswa gide yon elèv lè y ap anseye oswa pratike yon konpetans.
3. Yo pa ka itilize kontrent fizik ak elèv preskolè.
4. Yo swiv pwosedi rapò ki defini nan seksyon IX règleman sa a.

C. Si yo pa ka rezoud yon sitiyasyon kriz dapre plan entèvansyon kriz la epi règleman sa a sanble restriksyon yo ka bezwen, yo dwe kontakte direktè a/reprezantan an pou detèmine pwochen etap yo. Manm estaf lekòl la pa gen dwa mande estaf ki pa lekòl la, tankou ajan sekirite lekòl (School Safety Agents, SSA), metrize yon elèv ki nan kriz avan yo kontakte direktè/reprezantan an.

V. FÒMASYON PWOFFESYONÈL POU MANM ESTAF LEKÒL

- A. DOE dwe òganize yon oryantasyon pou tout estaf lekòl la, tankou estaf lekòl la ki pa anseyan avan delè 31 oktòb la chak ane. Sesyon oryantasyon an dwe gen ladan yon prezantasyon sou règleman ak pwosedi ki tabli nan Règleman sa a ak nan Plan pou diminye Kriz konpòtman lekòl la.
- B. Nan delè 31 oktòb chak ane lekòl, yo dwe prezante règleman ak pwosedi ki tabli nan Règleman sa a ak Plan pou diminye Kriz Konpòtman an nan yon reyinyon Komite Sekirite Lekòl la fè.
- C. Chak lekòl dwe sètifye nan Plan Lekòl global ak fòmasyon Jènn chak ane avan delè 31 oktòb yo te fè sesyon oryantasyon an.
- D. Manm Ekip Entèkansyon Kriz yo dwe resevwa fòmasyon pwofesyonèl kontini sou sijè ki gen ladan kriz, men pa limite ak sa, pwomosyon byennèt elèv ak prevansyon ak diminyasyon kriz konpòtman. Gade [Règleman Chanselye A-755](#) a pou plis sijè fòmasyon pou manm ekip Kriz yo. Anplis, Lidè Ekip Kriz la dwe resevwa fòmasyon anyèl sou lidèchip Ekip Kriz la.

VI. REPONN YON SITIYASYON PWOBLÈM KONPÒTMAN

- A. Nan ka ta gen yon sitiyasyon kriz, pwofesè a ak lòt manm estaf lekòl la nan salklas la dwe fè efò pou diminye san danje konpòtman an, lè sa posib, lè l itilize estrateji ak entèkansyon pou abòde kriz konpòtman ki dekri nan Plan pou diminye Kriz konpòtman lekòl la.
- B. Si pwofesè/manm estaf salklas la pa kapab diminye konpòtman an san danje, yo dwe avize direktè a/reprezantan an sou sitiyasyon an.
- C. Direktè/reprezantan an ta dwe chèche asistans nan men manm estaf ak/oswa manm estaf lekòl ki resevwa fòmasyon sou fason pou rezoud Kriz (tankou Ekip kriz la)
- D. Nan menm tan an, Direktè a/reprezantan an dwe fè tout efò pou avèti paran an (nan telefòn oswa si li pa reponn apèl la, voye tèks, imèl, oswa mesaj vokal) pou fè konnen elèv la nan yon sitiyasyon kriz. Al gade [Règleman Chanselye A-663](#) a konsènan *sèvis entèpretasyon lè w ap kominike avèk paran yo*. Si yo pa ka jwenn paran an, direktè a/reprezantan an ta dwe eseye avèti kontak pou ijans yo idantifye sou kat kontak pou ijans la.
1. Yo dwe bay paran yon opòtinite pou pale nan telefòn oswa fasafas avèk pitit li lè pa gen pwoblèm sekirite epi lè sa pa p deranje efò pou rezoud sitiyasyon an.

- E. Direktè/reprezantan an ta dwe chèche èd tou nan men lòt manm estaf ki apwopriye, tankou yon manm estaf lekòl la ki gen yon relasyon konfyans avèk elèv la, yon konseye lekòl la, oswa estaf nan Klinik Sante Mantal nan Lekòl la (SBMHC). Direktè a ka chèche èd tou nan yon Sant Sante Lekòl la ki gen sèvis sante mantal (SBHC) si gen youn sou plas, yon CBO nan lekòl la, oswa Ekip Kriz Mobile pou Timoun yo.
- F. Si kriz la ta rezoud, yo dwe kontakte paran elèv la epi yo dwe mete l okouran evènman yo. Yo ta dwe retounen elèv la imedyatman nan salklas la.
- G. Si estaf lekòl la oswa sèvis sipò ki endike pi wo a pa kapab rezoud kriz la epi li pa kapab abòde l san danje, epi konpòtman elèv la reprezante yon risk imedya pou gen gwo blesi grav pou tèt li oswa pou lòt moun, yo dwe avèti direktè/reprezantan an. . Direktè a/reprezantan an detèmine si yo ta dwe fè lòt efò anlplis epi/oswa si yo bezwen kontakte 911 pou asistans ann ijans. Yo ka kontakte 911 sèlman sou otorizasyon direktè/reprezantan an.
- H. Nan okenn sitiyasyon yo pa dwe rele 911 oswa itilize l kòm sanksyon pou pini yon elèv ki gen move konpòtman. Anplis, yo pa dwe itilize 911 alapas yon lòt estrateji oswa resous pou metrize yon sitiyasyon, lè yo ka itilize estrateji ak resous sa yo san danje pou jere kriz la jan l tabli nan Seksyon pi wo a.
- I. Manm estaf lekòl la pa ka itilize menas apèl 911 oswa EMS pou kòmande oswa fè presyon sou yon paran pou retire pitit li nan lekòl.

VII. RESPONSABILITE LEKÒL LÈ YO KONTAKTE 911

- A. Lè yo rele 911 pou konpòtman yon elèv, direktè a/reprezantan an dwe avèti paran an imedyatman li rele 911. Si yo pa ka jwenn paran an, direktè a/reprezantan an ta dwe eseye jwenn kontak pou ijans ki pou elèv la.
1. Si paran an vini lekòl la, epi sa pa gen okenn enpak sou fason apwopriye pou manm nan pèsònèl 911 ki prezante a fin fè travay ak responsablite yo byen, yo dwe bay paran an yon opòtinite pou pale avèk pèsònèl 911 la ak elèv la.
 2. Si paran an pa vini lekòl la pandan yo te kontakte l nan telefòn, yo dwe bay paran an yon opòtinite pale avèk pèsònèl 911 ki prezante a ak elèv la si sa posib, epi si sa pa gen enpak sou fason apwopriye pou pèsònèl 911 la fin byen fè travay li ak byen pran responsablite l yo.
- B. Si paran an mande pou yo pa voye pitit li lopital, pèsònèl 911 ki prezante a ap pran enfòmasyon enpòtan nan men estaf DOE a, paran an ak lòt anlplwaye kòm sadwa pou wè si l k ap fè sa paran an mande l pa fè a dapre règleman ak pwosedi pou refize èd medikal Depatman Ponpye nan Vil Nouyòk (*Fire Department of New York, FDNY*).

- C. Si estaf lekòl la pa ka kontakte paran elèv la, pèsònèl 911 ki prezante a ap pran enfòmasyon enpòtan nan men estaf lekòl (i) ak lòt moun apwopriye epi apre l ap detèmine si elèv la bezwen (i) tretman medikal ak/oswa transpò ijan. Si yo decide pou transpòte elèv la lopital, estaf lekòl la dwe akonpaye elèv la. Si paran an pa vini nan fen jounen lekòl la pou akonpaye manm estaf la, manm estaf la dwe kontakte direktè a/reprezantan l pou l mande yo ki sa li dwe fè.
- D. Si yo detèmine ke elèv la pa bezwen tretman ijans ak/oswa transpò epi konpòtman an diminye, ofisyèl lekòl la ak paran an dwe chita pale sou etap pou fè suivi ki apwopriye ki endike pi ba a. Manm estaf lekòl la pa ka kòmande oswa fè presyon sou yon paran pou retire pitit li lekòl la.

VIII. SUIVI

- A. Elèv la dwe kontinye resevwa enstriksyon ki apwopriye. Lekòl yo pa ka mande oswa egzije yon lèt otorizasyon sante mantal oswa enpoze lòt egzijans kòm yon kondisyon pou yon elèv ale oswa retounen nan lekòl la oswa nan klas la.
- B. Apre nenpòt pwoblèm konpòtman kote Ekip Kriz la te enplike epi/oswa yo te kontakte 911, estaf lekòl la dwe fè efò pou rankontre paran an (ak elèv la lè sa apwopriye) pou diskite sipò pou konpòtman pozitif ak entèkansyon apwopriye pou elèv la. Entèkansyon yo ka gen ladan, men yo pa sa sèlman, konsèy gid, referans pou sipò sante mantal, referans pou yon evalyasyon edikasyon espesyal, referans pou yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl pou elèv ki gen IEP, devlopman yon plan konpòtman avèk elèv ak paran li.

IX. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

- A. Direktè a/reprezantan l dwe avize (*Emergency Intake Center, EIC*) DOE nan (718)935-3210 nenpòt lè yo kontakte 911.
- B. Si yo te itilize kontrent fizik ak/oswa timeout kòm yon pati nan diminyasyon kriz, yo dwe avize paran an imedyatman, epi yo dwe bay paran an yon kopi rapò sou ensidan an nan twa (3) jou lekòl.
- C. Rapò sou entènèt sou sa ki rive *On-line Occurrence Reports (OOR)*
1. Direktè a/reprezantan an dwe ranpli yon Rapò sou Entènèt (OORS Report) nan yon jou lekòl pou tout ka kote yo te itilize pwotokòl pou diminye kriz konpòtman, ki gen ladan tout ka kote yo te kontakte 911.

2. Si yo te kontakte 911, li enpòtan pou dekri aktivite pou diminye kriz la ki te fèt avan apèl la ak risk imedyà ki jistifye apèl sa a nan rapò OORS la.
- D. Yo dwe mete disponib pou paran an yon kopi rapò sou ensidan pitit li a, si li mande l dapre CR A-820 ak Lwa sou Dwa pou Edikasyon ak Vi prive fanmi (*Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA*).

X. POU DEMAND RANSÈYMAN

Si gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo ba:
Biwo sekirite ak fòmasyon jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD)
N.Y.C. Department of Education
52 Chambers Street – Room 218
New York, NY 10007
Telefòn: 212-374-5501
Faks: 212-374-5751
Imèl: Crisissupport@schools.nyc.gov